Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

№ 235 (25964)

РÆСТДЗИНАД

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 20 декабр — цыппурсы мæйы 20 бон, æртыццæг Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АРÆЗТАД
Цæрыны уавæртæ хуыздæр кæнын

3 АИВАДЫ ДÆСНЫТÆ
Фыдæлты артдзæст хъахъхъæнæг

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Хоккей

Федералон бюджетæй

Социалон æххуыс

Уæрæсейы Хицауад федералон бюджетæй радих кæндзæн 377,4 милуан сомы Цæгат Ирыстонæн социалон æххуысы хуызы, 2023 азы цæрæнуатон-коммуналон лæггæдтæ бафидынæн. Ахæм уынаффæ рахаста нæ бæстæйы Хицауады Сæрдар Михаил МИШУСТИН.

Ахæм социалон æххуыс райсын æмбæлы инвалидтæн, хæстон цауты ветерантæн, стæй радиацион æмæ техногенон фыдбылызты хъыгдард баййафæг адæмæн. Коммуналон лæггæдты 50 проценты сын, компенсацийы хуызы уыдзысты лæвар.

Æдæппæтæй Цæгат Кавказы регионтæн радих кодтой 7,9 миллиард сомы. Зæгъæм, Дагестанæн — 609,7 милуан сомы, Мæхъхъæлæн — 257,8 милуан сомы, Кæсæг-Балхъары республикæйæн — 424,6 милуан сомы, Хъæрæсе-Черкесийæн — 416,8 милуаны, Цæцæнæн — 3,5 миллиард сомы, Стъараполы крайæн — 2,3 миллиард сомы.

Нæ уацхæссæг

Æмбырд

Афæдзы бæрæггæнæнтæ æмæ фидæны нысантæ

Уыдис РЦИ-Аланийы Хицауады æмбырд. Амыдта йæ ДЗАНАЙТЫ Барис. Хицауады уæнгтæ æркастысты, иуæй-иу закъоны проекттæм ивддзинæдтæ бахæссыны фæдыл, ныхас кодтой ивгъуыд азы бæрæггæнæнтыл æмæ фидæны нысантыл. Сæйрагдæр уыдис РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар Дзанайты Барисы раныхас. Нæ республикæйы социалон-экономикон фарстатыл дзургæйæ, уый бацамыдта æппæты ахсджиагдæр хъуыддæгтæ.

— Ацы æмбырды рахастам вазыгджын уынаффæтæ. Уыдонæй иу — 2024-2026 азты лæвар медицинон æххуысы фæдыл паддзахадон зæрдæдарæнты территориалон программæ сфидар кæныны фарста. Программæйы хæстæ æххæст кæныны нысантæн 2024 азы æхцайы фæрæзтæ 1,5 миллиард сомы фæфылдæр уыдзысты æмæ афтæмæй æхцайы бæрц суыдзæн 14, 8 миллиард сомы. Ацы фæрæзты фæрцы нæ республикæйы цæрджытæн медицинон лæггæдты æмвæзад бæрзонддæр къæпхæнмæ схиздзæн. Æнæниздзинады къабазы нæм сæвзæрдысты ног фæзилæнтæ дæр. Уæлдай фылдæр æргом аздахдзыстæм онкологон, эндокринологон æмæ зæрдæйы-дадзинты низтæм.

Нæ республикæйы цæрджытæн бар ис лæвар медицинон лæггæдтæ исынæн, æмæ нæ хæс у уыцы лæггæдты хæрзхъæддзинад бæрзонддæр кæныныл архайын. Уый тыххæй та арæзт æмæ бындурон цалцæг æмæ хъæугæ мадзæлттæй ифтонггонд цæуынц медицинон къабазы социалон объекттæ. Уымæй уæлдай, æмбырды сфидар кодтам 2030 азы онг фæндæгты инфраструктурæйы рæзты фæдыл программæ. Фарстайы нывыладмæ уыдзæн æппæтвæрсыг цæстдард. Фидæны 2024 азы ацы программæйы нысантæн дихгонд æрцæудзæн 6 миллиард сомы.

Зæгъын ма мæ фæнды, æмæ фæстаг азты нæ республикæ кæй архайы хæххон фæзуæтты инфраструктурæйы рæзтыл. Фæндæгты куыстытæ кæронмæ фæуыдзысты курорт "Мамысон"-ы. Дарддæр архайдзыстæм, Дыгургом æмæ Алагиры район кæрæдзиимæ цы фæндаг бабæтдзæн, уый арæзтадыл. Федералон автофæндаг Цыкола-Мæцутæ-Комы-Арт арæзт фæцис. Иннæ куыстыты хай та уыдзæн тъунелы рацарæзт 2024 азы. Афтæмæй, нæ республикæйы æппæт кæмттæ дæр баиу кæндзыстæм хæрзхъæд фæндæгтæй, æмæ уый ахъаз фæуыдзæн туризмы рæзтæн.

Уымæй уæлдай, дарддæр ахæццæ кæндзыстæм Беслæны фæндæгтæ банывыл кæныны куыст æмæ Ногиры хиды рацарæзт. Нæ республикæ æнтыстджынæй æххæст кæны кæлæддзаг хæдзæрттæй граждæнты ног фатертæм раивыны программæ. Рагагъоммæ сæххæст кодтам ацы хæс. 43 бирæуæладзыгон хæдзæрттæм раивдзыстæм 1200 адæймаджы, — загъта Дзанайты Барис.

Æмбырды архайджытæ ма æркастысты республикæйы æхсæнадон цардимæ баст иннæ фарстатæм дæр.

САУТÆТЫ Тамилæ

Цалцæг

Ногиры амбулатори бындуронæй рацарæзтой

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО йæ телеграм-каналы куыд фехъусын кодта, афтæмæй Ногиры амбулаторийы бындурон рацарæзты куыстытæ кæронмæ фæхæццæ кæнынц, афæдзы кæронмæ фæуыдзысты.

Ам кæсдзысты, куыд сывæллæтты, афтæ ас адæмы, иу ивæг фæлтæрмæ 100 адæймаджы æнæниздзинады уавæрмæ, æдæппæтæй та хъæуы цæрджыты нымæц у 12 мины. Кусдзысты дзы терапевт, педиатр æмæ дæндæгты дохтыртæ, къуыри сæм иу гоммæ тынг æнхъæлмæ кæсынц, куыд Ногиры цæрджытæ, афтæ медицинон кусджытæ дæр. Ног æмбæлгæ уавæрты нырыккон аппаратурæимæ медицинон æххуысы æмвæзад уыдзæн дзæвгар бæрзонддæр", — фæбæрæг кодта регионы Сæргълæууæг.

хатт районы поликлиникæйæ цæудзæн эндокринолог, байгом дзы уыдзæн льготæтæм гæсгæ хостæ дæттæн пункт.

"Балхæдтам ног ифтонггæрзтæ, медицинон уагдон ма, чи хъæуы, ахæм ног технологон аппараттæй дæр сифтонг кæндзыстæм. Амбулаторийы байгоммæ тынг æнхъæлмæ кæсынц, куыд Ногиры цæрджытæ, афтæ медицинон кусджытæ дæр. Ног æмбæлгæ уавæрты нырыккон аппаратурæимæ медицинон æххуысы æмвæзад уыдзæн дзæвгар бæрзонддæр", — фæбæрæг кодта регионы Сæргълæууæг.

Сергей Меняйло куыд зæгъы, афтæмæй объект сцалцæг кæнын къухы бафтыд национ проект "Æнæниздзинад"ы федералон проект "РФ-йы æнæниздзинад хъахъхъæнынады райдиан цæджы рацарæзт"-ы æхуысæй.

ГАПБАТЫ Алетæ

Нысантæ

Раззагдæр проект

Æрæджы республикæйы разамынд æркастысты æмæ сфидар кодтой "Æрыдон-Гранит"-ы куыстуат раззагдæр инвестицион проектты хыгъдмæ бахæссыны фæндон.

Куыд загътой, афтæмæй проект царды куы бантыса, уæд фæзындзæн 70 куысты ног бынаты. Проекты экономикон бакастмæ гæсгæ хъалонты фиддонтæ 5 азмæ суыдзысты 164 милуан сомы.

Куыстуат цы бæрæггæнæнтæ æрхаста, уыдон нымайгæйæ, бæрæг дары, проект размæдзыд кæй у, уый. Бахъæудзæн раззагдæр проекты статус райсын, уæд сæ бон бауыдзæн æрдзон фæрæзтæ кусыны лицензийы хицау суæвын.

МÆХЪИТЫ Фатимæ

Ног азы агъоммæ

Кадеттæ — Кремлы балы

Алагиры 2-æм астæуккаг скъолайы Уæрæсейы Слестгæнæн комитеты кадетон къласы ахуырдзаутæ

Мæскуыйы ацыд Кадетты Хæрзаудæн Дунеон Кремлаг бал.

Цæгат Ирыстонæй дзы архайдтой гимназ "Диалог"-ы æмæ Алагиры 2-æм скъолайы ахуырдзаутæ, Уæрæсейы Слестгæнæн комитеты кадетты кълæсты ахуырдзаутæ сæхи хорзæй равдыстой балы рæстæг. Бæрæгбоны фæстæ та уыдысты Уæрæсейы Гæрзифтонг тыхты Центрон музейы, Æфсæддон уæлæдарæсы музейы æмæ дунеон равдыст-форум "Уæрæсе"-йы. 2023 азы балмæ хуынд æрцыдысты Советон Цæдисы æмæ Уæрæсейы Хъайтартæ, бæрæгбон та йæхæдæг арæзт æрцыд сæрмагонд æфсæддон операцийæн æххуысы тыхтæй.

ДАТИТЫ Ольгæ

Æнæниздзинад

Сæкæрнизæй хъæрзæг сывæллæттæн

Республикæ федералон центрæй райсдзæн 1-аг къæпхæны сæкæрнизæй хъæрзæг сывæллæтты глюкозæмæ æппынæдзух цæст дарыны систематæ балхæнынæн фæрæзтæ.

Уый фехъусын кодта РЦИ-Аланийы финансон ведомствæйы разамонæг **Исахъты Олег**. Афтæмæй 4 азæй 17 азы онг сывæллæттæн радих кæндзысты 7 милуан æмæ 127 мин сомы. Ахæм систематæ ма райсдзысты 2 азæй 4 азы онг сабитæн, уыдонæн лæвæрд æрцæудзæн 266 мин сомы.

Æппынæдзух сæкæрнизимæ сывæллæтты сæкæры æмвæзадмæ хъæуы цæст дарын, уæд æнцондæр уыдзæн инсулин буармæ уадзын. Систематæ сты тестытимæ, суткæйы дæргъы адæймаджы бон у глюкозæйы æмвæзадмæ цæст дарын, йе змæлд ын æнкъарын, рынчыны царды хæрзхъæддзинадыл уый фæбæрæг уыдзæн.

15-æм регион

Уынаффæ

Ног фадат — Юрий Гагарины номыл скверы

Дзæуджыхъæуы Калинины уынджы Юрий Гагарины номыл цы сквер ис, уый суыдзæн, иудадзыг дзыллон мадзæлттæ кæм араздзысты, ахæм бынат.

Горæты бынæттон администрацийы разамонæджы фыццаг хæдивæг Ортабайты Виктор куыд загъта, афтæмæй сквер уыдзæн, адæм сæ хъуыдытæ кæм дзурдзысты, митингтæ æмæ демонстрацитæ кæм араздзысты, ахæм бынат.

РУБАЙТЫ Нелли

Газетфыссынад

"Рæстдзинад" — 2024 азы фыццаг æмбисæн

2024 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны сæйраг кампани райдыдта ацы азы 1 сентябры, Уæрæсейы посты бастдзинады регионалон управлени газет рафыссыны æмгъуыд адарддæр кодта 2024 азы 13 январмæ. Иннæ хæттытау ныр дæр та "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.

Фæлæ цард "зынаргъдæр" куыд кæны, афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ бафты газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны аргъыл. Афтæ, хъыгагæн, уыдзæн ныр дæр. 2024 азы фыццаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ у 1 319 сомы æмæ 10 капеччы, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 1 077 сомы æмæ 30 капеккæй.

Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстоны æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыхтæй.

АЛЫ ИРОН ХÆДЗАРÆН ДÆР — ГАЗЕТ "РÆСТДЗИНАД"!

Редакци

Дзырды фарн

Азты дæргъ нæ, фæлæ сгуыхтыты дæргъ у цардæн йæ бæрæггæнæн.

МАМСЫРАТЫ Дæбе

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **20 декабры,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **3-8 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **6-8 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 09,00

Хурыскаст — 07,28
Хурныгуылд — 16,28

Валютæйы аргъ

Доллар — 90,47↑
Евро — 99,05↑

12+

Инвестицион проект

”Алани парк” æнхъæлмæ кæсы

Æппæтфадатджын тематикон парк ”Алани парк”-ы æмæ афæлгæсты цалхы арæзтæн цы хъæуы, уыдон æлхæд æрцыдысты. Уый тыххæй нæ республикæйы Сæргъæлæууæг Сергей МЕНЯЙЛО хъусын кæны йæ телеграм-каналы.



Ныртæккæ специалисттæ объекттæ цæттæ кæнынц “Ростехнадзор"-ы хыгъды сæвæрынмæ. Фæстæдæр аттракционтæй адæм пайда кæндзысты.

"Алани парк" у æппæты стырдæр инвестицион проект. Фæлладуадзæн æмæ хиирхæфсæн парк кусдзæн афæдзы алы афон дæр. Алы кары адæмæн дзы уыдзæн аккаг уавæртæ къахдзоныгътæ, сноубордыл, дзоныгътыл, алыхуызон аттракционтыл хъæлдзæгæй рæстæг æрвитынæн.

Инвесторы фæндонмæ гæсгæ дзы уыдзæн ресторантæ, кафе, уазæгуат, тезгъогæнæн бынæттæ.

ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ

Финанстæ

Фатертæ фæзынаргъ сты

Уæрæсейы бындурон исбоны агентад ”Мир квартир”-ы иртасджытæ куыд бахыгътой, афтæмæй ацы азы райдайæнæй нырмæ нæ бæстæйы ног арæзт хæдзæртты квадратон метры аргъ схæццæ рæстæмбис нымадæй 126 мин соммæ (ома, 15 проценты йыл бафтыд), раздæры арæзт цæрæнуæтты квадратон метры аргъ та схызт 109 мин соммæ (бафтыд ыл 14 проценты).

Афæдзы райдайæнæй нырмæ ногарæзт хæдзæрттæ æппæтæй фылдæр фæзынаргъ сты Мурманскы (+35%), Челябинскы (+39%), Дæллаг Тагилы (+43%), Магнитогорск (+46%) æмæ Махачкалайы (+107%), раздæры арæзт хæдзæртты аргъ та иннæтæй фылдæр сырæзыд Челябинскы (+43%), Магнитогорскы (+40%), Дæллаг Тагилы (+34%), Новокузнецк (+32%) æмæ Дзæуджыхъæуы (+30%).

— Сæрды кæрон æмæ фæззæджы бындурон ставкæ рæзын, ипотекæйы ставкæ та уæлæмæ цæуын куы райдыдтой, уæд цæрæнуæттæ зынаргъ кæнын райдыдтой.

Адæм ногарæзт æмæ раздæры арæзт хæдзæртты фатертæ æлхæнын райдыдтой. Банктæ раздæры æууæлтыл ипотекæйыл цалынмæ разы уыдысты, уæдмæ æргътæ рæзын райдыдтой. Декабры адæм цæрæнуæттæ раздæрау арæх нал æлхæнынц, — загъта "Мир квартир"-ы генералон директор **Павел Луценко**.

Иннæ горæттимæ абаргæйæ, далдæр горæты хæдзæртты æргътыл фылдæр цæмæн бафтыд, зæгъгæ, ахæм фарстæн дзуапп дæтгæйæ, хицауы бынатахсæг адæймаг загъта:

— Хъахъхъæнынадон промышленнон куыстуæттæ рæзын кæм райдыдтой, ахæм горæтты цæрæг адæмы мыздыл бафтыд æмæ афтæмæй фатерты æргътæ дæр уæлæмæ цæуын райдыдтой. Уымæй уæлдай, иннæ уæрæсейаг горæттимæ абаргæйæ, ацы горæтты бындурон исбон уыд æгæр аслам.

(“15 регион”)

Барад

Алименттæ нæ фыста

Уголовон кодексы 157 статьяйы 1 хайы (”Сывæллæтты хъомыл кæнынæн фæрæзтæ нæ фиды”) амынд фыдракæнд саразынæй кæй аххосджын кæнынц, Дзæуджыхъæуы Промышленнон районы прокуратурæ ахæм 46-аздзыд бынæттон нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг акт сфидар кодта.

Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, фыдракæнд саразынæй кæй аххосджын кæнынц, уыцы адæймаг, тæрхондоны уынаффæйы домæнтæ халгæйæ, æрвылмæй йе 'нахъом сывæллоны хъомыл кæнынæн алименттæ нæ фыста æмæ йæм афтæмæй бамбырд 230 мин сомæй фылдæр хæс.

Уголовон хъуыддаг барвыстой тæрхондонмæ бæстон ыл æрныхас кæнынмæ.

Юлия КОЛЛЕГОВА

Аппаратон æмбырд

Æппæт куыстытæ — бæрзонд хæрзхъæддзинадимæ бæрæггонд æмгъуыдтæм!

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис сарæзта æрвылкъуырион аппаратон æмбырд. Хицауады æххæстгæнæг оргæнтæ æмæ районты разамонджытæ æрдзырдтой, къуыримæ цы бакуыстой æмæ дарддæр цы архайынмæ хъавынц, уый тыххæй.

Республикæйы оперативон уавæрыл дзургæйæ, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** загъта, боныхъæд Гуырдзыйы кæй февзæр ис, уымæ гæсгæ Арвыкомы фæндаг æхгæд кæй у уæзласæн хæдтулгæтæн. Цæгат Ирыстоны, йæ ныхæстæм гæсгæ, 1100 автотранспортон иуæджы бæрц æнхъæлмæ кæсы фæндаджы байгоммæ, уыдонæй 744 уæзласæны лæууынц рæстæгмæйы лæууæнбынæтты. Хæдтулгæскъæрджытæн хъæугæ æххуыс лæвæрд цæуы.

Дзанайты Барис паддзахадон хицауады æххæстгæнæг оргæнты, дзуапп кæуыл дæттынц, уыцы куыстуæтты æмæ цардыуаджы скондты разамонджытæн бахæс кодта бæрæгбæтты рæстæджы куысты пълантæ саразын.

— Ногбоны бæрæгбæттæ æрбаввахс сты. Курын уе 'ппæтæй дæр, сфидар кæнут куысты рады фæтк телефонты номыртимæ. Республикæйы æмæ бæрæг муниципалон скондты цæрджытæ, æнæбыхсгæ уавæр куы сæвзæра, уæд кæдæм бадзурын хъæудзæн, уый хъуамæ зоной, — бахахх кодта Хицауады Сæрдар.

Цæгат Ирыстоны фæлхасадмæ цæстдарæг управленийы разамонæг **Тыбылты Алан** фæбæлвырд кодта, улæфæнты низ æмæ гриппæй рынчынты нымæц эпидемион æмвæзадыл кæй ис. Ивгъуыд къуыриимæ абаргæйæ, рынчынты нымæц чысыл фæфылдæр. COVID-19-имæ уавæр дæр ныллæг æмвæзадыл лæууы. Республикæйы сæйраг санитарон дохтыры ныхæстæм гæсгæ, грипп æмæ COVID-19-æмы тыххæй иртасæн куыстытæ хъæуы фæфылдæр кæнын. Республикæйы фæлхасадмæ цæстдарæг оргæн фæдзæхсы ахуырадон уагдæтты профилактикон дезинфекцион мадзæлттæ аразын. Скъоладзауты 20 проценты, кæй фæрынчын сты, уый аххосæй скъоламæ куы не 'рбацæуой, уæд куыст хъуамæ урæд æрцæуа. Медицинон уагдæтты маскæтæ дарыны фæтк адарддæр кæнын хъæуы.

Дзанайты Барис республикæйы Экономиконræзты министрадæн бахæс кодта, социалон ахадындзинад кæмæн ис, уыцы товарты æргътыræзтмæ иудадзыг цæст дарын.

— Бæрæгбæтты агъоммæ æргътæ хъуамæ маræзой, æнæмæнгхъæугæ товарты кадаварæн æруадзæн нæй, — фидарæй загъта Хицауады Сæрдар.

Экономикæйы министры фыццаг хæдивæг **Олег Быкадоров** фехъусын кодта, раздæр Министрадимæ сæйраг хæлцы иуæй-иу продукттыл уæлæмхасæн аргъ не 'вæрыны тыххæй бадзырдтæ чи бафыста, регионы уыцы базарадон хызæгты ведомствæйы кусджытæ æргътæм æрвылбон кæй кæсынц. Нырмæ дзы бадзырд фехалыны цаутæ нæма уыд.

Республикæйы Фæллой æмæ социалонræзты министрадæн фæдзæхст æрцыд граждæнты æппæт къордтæн афойнадыл мызд бафидыны хъуыддагмæ хъус дарын.

Мæздæджы районы разамынды размæ лæууы хæс — афæдзы кæронмæ æнæхицау куыйтæн аздон саразын. Мæздæджы районы администрацийы сæргълæууæг **Адырхаты Руслан** куыд фæбæлвырд кодта, афтæмæй æппæт хъæугæ æрмæджытæ дæр бынаты сты, хæстæгдæр рæстæг специалисттæ бавналдзысты бæстыхай цæттæ конструкцитæй аразынмæ.

Дзæуджыхъæуы администрацийы разамонæг **Милдзыхты Вячеслав** фехъусын кодта, цæгатирыстойнаг сæйраг горæты мастер-пъланы кæройнаг вариант кæй сцæттæ уыдзæн 2024 азы райдайæны.

Дзанайты Барис ма байхъуыста йæ хæдивджыты докладтæм, национ проекттæ æмæ паддзахадон программæтæ куыд æххæстгонд цæуынц, уый тыххæй.

Æмбырды архайджытæм сидгæйæ, Хицауады Сæрдар бахахх кодта, æппæт мадзæлттæн уагъд фæрæзтæ дæр хъуамæ хардзгонд кæй æрцæуой, куыстытæ та — бæрæггонд æмгъуыдтæм æмæ хæрзхъæдæй.

— Азы кæронмæ бирæ рæстæг нал баззад. Уæ цæст фæдарут УФ-йы Президент æмæ Цæгат Ирыстоны Сæргъæлæууæджы фæдзæхстытæм. Сергей Меняйло нын нæ размæ цы хæстæ сæвæрдта — афæдзы кæронмæ национ проекттæ, паддзахадон программæтæ æмæ иннæ вазыгджын фарстатæ кæронмæ нывыл ахæццæ кæнын, уыдон уæ зæрдыл дарут, — загъта Дзанайты Барис.

ГАПБАТЫ Алетæ

Арæзтад

Нысантæ — адæмæн сæ цæрыны уавæртæ хуыздæр кæнын

Нæ республикæйы Арæзтад æмæ архитектурæйы министрады цур æхсæнадон советæн уыд æмбырд.

Уым æркастæуыд Цæгат Ирыстоны цæрæнуæттæ аразыны, стæй адæмы хицæн къордтæн цæрæнуæтты сертификаттæ æмæ субсидитæ дæттыны фарстайы рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæм. Æмбырд йæ разныхасæй байгом кодта æмæ уыцы бæрæггæнæнты фæдыл раныхас кодта арæзтад æмæ архитектурæйы министры хæдивæг **Бæззаты Дмитри**.

Куыд загъта, афтæмæй, "Цæрæнуæттæ æмæ горæтаг алфамбылай", зæгъгæ, ацы национ проект æххæст кæнгæйæ, 2022 азы нæ республикæйы арæзт æрцыд цæрæнуæтты 341 776 квадратон метры, уыдонæй 209 906 квадратон метры сты хицæн хæдзæрттæ, 131 870 квадратон метры та — бирæфатерон хæдзæрттæ.

“Уæрæсестат”-ы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ацы азы январь-октябрмæ та арæзт æрцыд 415 206 квадратон метры, уыдонæй 181 251 квадратон метры — хицæн хæдзæрттæ, 233 955 квадратон метры та — бирæфатерон хæдзæрттæ.

— "Цæрæнуæттæ æмæ горæтаг алфамбылай"-йы национ проекты амынд бæрæггæнæн къухы цæмæй бафта, уый тыххæй ацы аз хъуамæ саразæм 450,0 мин квадратон метры, уыдонæй 180,0 мин квадратон метры — хицæн хæдзæрттæ, — загъта Бæззаты Дмитри æмæ дарддæр æрныхас кодта, РЦИ-Аланийы Арæзтад æмæ архитектурæйы министрады цæрæнуæтты программæтæ куыд æххæстгонд цæуынц, уый фæдыл.

Афтæ, сæ цæрыны уавæртæ фæхуыздæр кæныны тыххæй паддзахадон лæггæдтæ арæзт æрцыд:

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæн æмæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фæмард кæнæ уый фæстæ чи амард, уыцы ветеранты бинонты уæнгтæн — ацы аз сын лæвæрд æрцыд æртæ паддзахадон цæрæнуатон сертификаты; 2023 азы 10 октябрмæ ма ацы къордмæ хауæг адæймæгты номхыгъды ис æртæ адæймаджы; уыдонæй дыууæйæн сæ фарста алыг кæныны тыххæй каст æрцæудзæн Ведомствæты 'хсæн къамисы æмбырды, æртыккаг адæймаг та хыгъдæй ист æрцæудзæн, йæ цæрыны уавæртæ фæхуыздæргæнинаг кæй нал сты, уымæ гæсгæ;

инвалидтæн æмæ, инвалид-сывæллон кæмæн ис, афтæмæй 2005 азы 1 январæй раздæр хыгъды чи ныллæууыд, ахæм бинонтæн — лæвæрд сын æрцыд 12 паддзахадон цæрæнуатон сертификаты; ацы нысанæн 2022-2023 азтæн цы фæрæзтæ уыд, уыдон æнæхъæнæй дæр хардзгонд æрцыдысты;

2023 азы 1 октябрмæ ма номхыгъды ис амынд къордмæ хауæг 17 адæймаджы;

2005 азы 1 январæй раздæр хыгъды чи ныллæууыд, хæстон цауты уыцы ветерантæн — ацы азы 1 октябрмæ хыгъды ис, сæ цæрыны уавæртæ фæхуыздæргæнинаг кæмæн сты, дыууæ ахæм адæймаджы; иу квадратон метры аргъ кæй фæзынаргъдæр, уый аххосæй, ацы фарста алыг кæнынæн цы фæрæзтæ дихгонд æрцыд, уыдон иу адæймагæн йæ цæрыны уавæртæ фæхуыздæр кæныны фаг дæр нал сты; уымæ гæсгæ республикæйы Арæзтад æмæ архитектурæйы министрад æмбæлгæ гæххæтт арвыста Уæрæсейы Федерацийы Арæзтады министрадмæ;

æнæбары сæ цæрæн бынæттæ ныууагътой, зæгъгæ, ахæм адæймæгтыл кæй банымадтой, уыдон сты 20 бинонтæ, 15-æн дзы ныридæгæн лæвæрд æрцыд 20 паддзахадон цæрæнуатон сертификаты, иннæ фондз бинонтæн та сæ ратдзысты хæстæгдæр рæстæг, уый фæдыл ацы азы 11 октябры республикæйы Хицауады цур кусæг къорд рахаста уынаффæ;

адæмæн тæссаг кæмæй у, тарнизы ахæм хуызæй рынчынтæн — номхыгъды уыд дыууæ ахæм адæймаджы, æмæ сæ дыууæйæн дæр лæвæрд æрцыд сертификаттæ;

æрыгон бинонтæй 93-йæн лæвæрд æрцыд сертификаттæ, ныртæккæ номхыгъды ис, сæ цæрыны уавæртæ фæхуыздæргæнинаг кæмæн сты, 1310 ахæм æрыгон бинонтæ;

паддзахадон цæрæнуатон авд сертификаты лæвæрд æрцыд, Чернобылы атомон станцæйы бæллæхы аххосæй радиацион хъыгдард чи баййæфта, ахæм хыгъды лæууæг адæймæгтæн;

Кæройнаг Сыбырæй рацæугæ иу бинонтæн лæвæрд æрцыд паддзахадон цæрæнуатон сертификат, чи нæ фаг кодта, хъæугæ ахæм гæххæттытæ куыддæр бацæттæ кодтой, афтæ;

æрыгон специалисттæй 21-æн лæвæрд æрцыд сертификаттæ; ныртæккæ ма номхыгъды ис, сæ цæрыны уавæртæ фæхуыздæргæнинаг кæмæн сты, 268 ахæм бинонтæ;

Херсон æмæ Херсоны облæсты сæ цæрæн бынæттæ чи ныууагъта æмæ æвæстиатæй Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланимæ цы адæм æрбалыгъд, уыдонæй 34 бинонтæн лæвæрд æрцыд 153,2 милуан сомы аргъ сертификаттæ; уыцы сертификаттæй 29-æн æхца — 102,3 милуан сомы — фыст æрцыд, дыууæ сертификатæн ма æхца бафидыны тыххæй куырдиат æрвыст æрцыд Фæзуæтты райрæзты фондмæ, дыууæ адæймаджы та сæ сертификаттæй спайда кодтой Краснодары æмæ Стъараполы крайты фæзуæтты.

Æмбырды архайджытæ ма байхъуыстой, республикæйы Арæзтад æмæ архитектурæйы министрады цæрæнуæтты программæтæ æххæст кæныны æмæ сæ царды уадзыны хайады сæйраг уынаффæгæнæг **Гуыбаты Кристинæйы** докладмæ æмæ фæнысан кодтой хицæн къордтæм хауæг адæмæн сæ цæрыны уавæртæ хуыздæр кæныны тыххæй пълантæ 2024 азмæ.

ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

Æхсызгон мын у

Газет "Рæстдзинад"-ы 231 номыры, цыппурсы мæйы 14 боны фыццæгæм фарсыл куы бакастæн ахсджиаг æрмæг "Къостайы орден — "Рæстдзинад"-æн, зæгъгæ, уæд зæрдиагæй бацин кодтон. Тынг фæбузныг дæн ахæм хорз хъуыддаг арæзджытæй. Æхсызгон мын у, Цæгат Ирыстоны автономийы бындурæвæрæг, нæ ирондзинадыл аудæг газет та радон хатт хорзæхджын кæй ‘рцыд, редакцийы кусджыты удуæлдай архайдæн æмбæлгæ аргъгæнджытæ фылдæрæй-фылдæр кæй кæнынц, уый. Зæрдиагæй æмæ læмбынæг бакастæн цыппурсы мæйы 13 боны газеты редакцийы æрвыстæг: "Рæстдзинад" — кæсджытæм". Нæ республикæйы цæрæг læгау-læгтæ бирæ фарны хъуыддæгтæ кæй кæнынц, уый дæр мын у æхсызгон. Зæгъын сын бузныг, нæ иунæг ирон газеты фарсмæ кæй æрбалæууынц æмæ йын цæстуарзон æххуыс кæй бакæнынц, уый тыххæй. Хуыцау сын арфæгæнæг уæд! Амалхъомдæр æмæ æххуысхъомдæр уæнт кæддæриддæр!

Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм æххуысхъом алчи нæу, фæлæ алы ирон адæймаг дæр хъуамæ йæ хæсыл нымайа ирон фарн тауæг газет "Рæстдзинад" рафыссын æмæ йæ æрвылбон кæсын. О, цыбыркъух адæймæгтæ дæр ис нæ алыварс, фæлæ газеты фаг æхца алкæмæ дæр разындзæн. Ирондзинадыл иузæрдион чи у, йæ мадæлон æвзаг зынаргъ кæмæн у, уый цыфæнды уавæрты дæр газеты фаг æхца уыйбæрц рæстæгмæ æрæмбырд кæнид. Фæлæ, хъыгагæн, бирæтæ не ‘мбарынц, газет "Рæстдзинад" куыд ахадгæ у, æнæмæнг куыд хъæугæ у алы ирон хæдзары дæр, уый. Уæлдай иузæрдион хъуамæ уой сабитæ чи хъомыл кæны, уыцы ныййарджытæ. Уымæн æмæ æнæ мадæлон æвзагæй нæдæр цард ис, нæдæр фидæн. Ирон адæймагæн газет "Рæстдзинад" йæ цард райдзастдæр кæны, æвзæрын æм кæны сæрыстырдзинады æнкъарæнтæ. Уымæн æмæ йæ фæрстыл нæ рæсугъд мадæлон æвзагыл мыхуыргонд цæуынц нæ бæллицтæ, нæ цард æвдисæг æцæг хъуыддæгтæ. Газет "Рæстдзинад" у ирон дзырды фарн хæссæг, у зондамонæг, рухс фидæнмæ фæндагамонæг. Ахæм хæзнайæ йæхи чи иппæрд кæны, уый тынг рæдийы. Мадæлон æвзаджы зæлланггæнгæ уаз мыртæ æрвылбон ма хъус, дæ удрæбын сын арф бынат ма скæн æмæ сæ рæзгæ фæлтæртæн ма уарзын кæн, уый куыд раст у?

Куыд раст у æмæ нæ иунæг ирон газеткæсджыты нымæц æппынкъаддæр 5-6 мин адæймагмæ дæр ма хæццæ кæнæд?! Уый куыд сæрмæ хæсгæ у, йæхи ирон чи хоны, уымæн? Раст у, газетæн æнæ адæмæй цæрæн нæй, фæлæ адæм дæр æнæ газетæй сæхицæн цард хъуамæ ма саккаг кæной. Алчидæр нæ хъуамæ аргъгæнæг уа нæ ирондзинад хъахъхъæнæг газет "Рæстдзинад"-æн æмæ архайæ ууыл, цæмæй йæ тираж фылдæрæй-фылдæр кæна.

Зынаргъ республикæйы цæрджытæ, Ног аз уын ног хæрзтæ æрхæссæд! Амонд æмæ уæ фæрныгадæй хайджын кæнæд! Ног 2024 азы уæ алкæй хæдзармæ дæр газет "Рæстдзинад" фарны хабæрттæ куыд хæсса, ахæм арфæ нын ракæнæнт Иры зæдтæ!

ФÆРНИАТЫ Рая,
Уæллаг Фыййагдоны цæрæг

Кировы районæй

Ног дондæттæн хæтæлтæ

Змейкæйы станицæйы кæронмæ ахæццæ дондæттæн хæтæлты рацарæзт.

Республикæйы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрад куыд хъусын кæны, афтæмæй Змейкæйы ауагътой, 110, 200 æмæ 280 диаметртæ кæмæн ис, ахæм хæтæлтæ, сæ дæргъ — 42 километры.

Æвæрд æрцыдысты 165 цъайы æмæ 128 зынгхуыссынгæнæн гидранты, хæтæлтæ дезинфекци скодтой. Ныртæккæ ма куыст цæуы фæндæгты нывыл уавæрыл.

"Зæронд инфраструктурæ ивд æрцыд нырыкконæй. Уый фадат дæтдзæн ноджы хуыздæр куыстæн, стæй уæд зынгхуыссынгæнæн гидрантты фæрцы районы зынгсирвæзтытæ не 'руадзын уыдзæн æнцондæр, семæ архайд та — тагъддæр”, — фæнысан кодтой ведомствæйы.

Проектыл бакуыста кампани "Евростройр".

Нæ уацхæссæг

Аивады дæснытæ

Фыдæлты артдзæст хъахъхъæнæг

"Зары Хæххон паддзахадон аграрон университеты зарæгганджыты къорд. Йæ разамонæг — Дзанайты Ольгæ". Ацы дзырдтæ фыццаг хатт фехъуыстон Цæгат Ирыстоны паддзахадон радиойæ, скъолайы ма куы ахуыр кодтон, уæд. Абон Ирыстоны алы аивадуарзæг дæр зоны, фыдæлтыккон аивад фæлтæртæм чи хæссы, уыдонæй иу у, Цæгат Ирыстоны адæмон артисткæ, нæ республикæйы аивæдты сгуыхт архайæг, паддзахадон филармонийы (Мариинаг театры филиал) нæлгоймæгты зарæггæнджыты къорды аивадон разамонæг, хормейстерты æппæтуæрæсеон æмæ дунеон конкурсты лаурет ДЗАНАЙТЫ Ольгæйы ном.

Кæд ацы рагон зæххыл йæ дзыллæйы раз исчи йæ фæрныг хæс кад æмæ радимæ æххæст кæны, уæд уый у мæ æрмæджы сæйраг архайæг. Уый хуызæн æцæг удгоймæгтæ сты ирон культурæйы рæзтыл æнувыд архайджытæ. Сæ фæрцы нæ рох кæнæм æмæ фидæнмæ хæссæм, нæ рагфыдæлтæй нын цы æвæджиауы стыр хæзнатæ баззад, уыдон.

Кæддæр иу зонджын лæг афтæ загъта: адæймаг йæ æвзонджы бонты, фыццаджыдæр, йæ хæдзары цы фехъуса йæ ныййарджытæй, цы банкъара сæ рухс зонды фарнæй, стæй, йæ зæрдæйы мысайнагау цы хорзæхтæ бавæра, уымæй аразгæ уыдзæн йæ цард, йæ куыст æмæ кады уæз адæмы æхсæн. Уыцы хуызы Дзанайты Ольгæйы цардвæндагмæ куы æркæсæм, уæд, хуызджын хъæдабæйау, нывæзт уыд æмæ абон дæр у ирондзинады табуйаг фæрдгуытæй, уырыссаг æмæ европæйаг культурæ æмæ аивады миниуджытæ æмæ хæзнатæй. Уыцы фæндагыл æй сабийæ кодтой йæ ныййарджытæ, æмæ сæ абон дæр иттæг бузныг æмæ разы у.

Ольгæ йæ рæстæджы æнтыстджынæй каст фæци Дзæуджыхъæуы 27-æм астæуккаг скъола, фæстæдæр та — нæ горæты аивæдты училищæ. Музыкæ, зарæг, аивад æмæ культурæимæ йæ цардвæндаг æнгом баст кæй æрцæудзæн, уый раджы банкъардта. Йæ курдиаты фæрнджын тыхæфтауæг басгуыхт йæ ахуыргæнæг, Цæгат Ирыстоны аивæдты сгуыхт архайæг, номдзыд хормейстер Æчеты Аркади. Афтæ куы зæгъæм, æмæ йын Ольгæ йæ фарны хъуыддæгтæ, йæхи удварны хъомысы рухсимæ кадджынæй хæссы, уæд уый рæдыд нæ уыдзæн.

Аивæдты училищæйы фæстæ Ольгæ ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы, Гнесинты номыл музыкалон-педагогон институтмæ (ныр Уæрæсейы музыкæйы академи).

Ольгæйы цардвæндагыл, йæ рухстауæн архайдыл арæх фæхъуыды кæнын, æмæ æрцæуын бæлвырд хатдзæгтæм. Фыццаг: Ольгæ Аивæдты лицейы хор "Арион"-имæ , зарæггæнджыты къордтæ "Нарон", "Чепена", "Æфсати"-йы уæнгтимæ æмæ паддзахадон филармонийы нæлгоймæгты зарæггæнджыты къордимæ уыд бирæ уæрæсейаг æмæ фæсарæйнаг горæтты. Бирæ уыны, бирæ зоны. Йемæ иу сахаты бæрц аныхас кæн, æмæ дын дæ размæ, нафы куывды фынджы бæркадау, рахæсдзæн Ирыстоны культурæйы, зарджыты, кадджыты, таурæгъты, æгъдæутты тыхæй бирæ цымыдисаг хабæрттæ, нæ бæстæйы æмæ Европæйы музыкалон культурæйы, царды фæткы, литературæйы æвæджиауы хæзнатæ. Уыимæ сыл æфтауы бонæй-бонмæ ног цымыдисагдæр цаутæ. Семæ зонгæ кæны, куыд астæуккаг кары адæмы, афтæ фæсивæды. Йæ ныхасы æппындæр хиппæлойдзинады гакк нæ рахатдзынæ. Уæздан æмæ фырнымдæй, куыд иронау, афтæ уырыссагау кæны йæ дзырд.

Ольгæ цы кæны, уый — зæрдæйæ, læмбынæг æмæ бонзонгæйæ. Никуы хъуыды кæны, йæ куыстæй дарддæр, йæ архайдæй исты хорзæхтæ ссарыныл, хицауады цæстмæ кадджын ном райсы фæдыл, бонцухæй цæуыныл. У уæздан, фырнымд, кад-рад æмæ æгъдауыл удæй æнувыд сылгоймаг. Ирон кæй у, уый ныхасæй нæ, фæлæ бæлвырд фарнтауæг хъыддæгтæй чи æвдисы, ахæмæй йæ зонынц йæ уарзон Иры дзыллæ. Ольгæйæн аргъ кæнынц Дзанайты мыггаг, йе 'мкусджытæ, йæ хæлæрттæ. Афтæ куы зæгъæм æмæ дзы Ирыстоны нæртон лæджы кад ис, зæгъгæ, уæд рæдыд нæ уыдзæн. Кæмфæнды куы уа, уæддæр йæ разæй цæуы йе 'гъдау. Фарн, рухс зонд, уарзондзинад йæ дзыллæмæ. Кæд ын бирæ бæстæтæ фенын бантыст, бирæ адæмы культурæимæ базонгæ, уæддæр æм Ирыстоны æмæ Уæрæсейы аивад бæрзонддæр æмæ æнкъарæнджындæр кæсынц. Ольгæ уыцы хатдзæгмæ талф-тулфæй, рæузондимæ нæ цæуы, фæлæ уæззау æмæ æрвонг зондимæ, фактты бындурыл, йæ бон дзурын у кæцыфæнды адæмы музыкæйыл, нываивад, æгъдау æмæ культурæйыл. Уый хыгъд ын йæхи хæдон кæйдæр кæрцæй хæстæгдæр у. Зоны цалдæр фæсарæйнаг æвзаджы, чи зоны, æмæ йын Ирыстоны хуыздæр царды æмæ куысты уавæртæ ссарæн дæр уаид, фæлæ йæ зæрдæйы цавд ирон у, æмæ цы зæххыл схъомыл, ахуырад цы Уæрæсейы райста, уый фæсарæйнаг бæстæйы кæцы фæнды горæтыл баивыны зонд æм никуы æрцыд. Фæлæ йæ гæнæнтæ æмæ курдиат цас амонынц, уый бæрц аивады фæрцы фыдæлты удварны хæрзтыл æфтауы дзыллæты.

Ам ма иу хабарæн æнæ радзургæ нæй. Цæвиттон, нæ филармонийы зарæггæнджыты къорд архайдта æппæтуæрæсеон фестивалы. Жюрийы сæрдар та дзы уыд М.Е. Пятницкийы номыл академион зарæггæнджыты къорды аивадон разамонæг, УФ-йы адæмон артисткæ, профессор Александрæ Пермякова. Нæ зарæггæнджыты архайдæн бæрзонд аргъ кæй скодтой фестивалы æппæт уазджытæ æмæ жюрийы уæнгтæ, уый бæрæг уыд, Ирыстонмæ сæйраг хæрзиуæг — Гран-при кæй æрластой, уымæй. Кæронбæттæн изæры нæ зарæггæнджытæ ноджы дæр ма иу хатт сæ курдиат куы равдыстой фестивалы, уæд Александрæ Пермякова, Ольгæйæн йæ сæрæй ныллæг акуывта æмæ загъта: "Спасибо Вам за настоящее искусство, за талант артистов хора, за самоотверженный труд на ниве культуры и искусства Осетии!"

Зонæм æй, Ольгæ ирон фыдæлтыккон зарæджы аивадыл ахуыр кæны алы кары адæмы. Сæ алкæмæ дæр зоны фæндаг ссарын, йæ хъæлæсы уагæн йæ гæнæнтæ рахатын, сбæлвырд сæ кæнын æмæ йын йæ курдиаты рæзтыл бакусын. Йæ къухы бафтыд бирæ кæстæртæн рæсугъд царды фæндаг аивадмæ байгом кæнын. Уыцы фæсивæд дзæвгар сты. Зæгъдзыстæм дзы цалдæры тыххæй. **Дзлиаты Дзерассæ** — йæ рæстæджы ахуыр кодта Аивæдты лицейы, æнтыстджынæй каст фæци Бетъырбухы Римский-Корсаковы номыл паддзахадон консерватори æмæ аспирантурæ, æнтыстджынæй бахъахъхъæдта аивадиртасæг наукæты кандидаты диссертаци. Кусы Абайты Васойы номыл социалон æмæ гуманитарон иртасæнты институты. Ныффыста цымыдисаг монографи (уый уыд йæ диссертацион куыст) ирон чындзæхсæвы музыкалон фольклоры тыххæй. Иудадзыгдæр архайы нæ республикæйы зонадон, сфæлдыстадон форумты, аивадон изæрты. УФ-йы адæмон артист, номдзыд фольклорист, дирижер, композитор, фæндырдзæгъдæг Гæздæнты Булат разамынд цы адæмон инструментты национ оркестрæн дæтты, уый репертуары ис Дзерассæйы фыст "Симд"-ы цагъд. Аивады, культурæйы рæзтыл цы æрмæджытæ фæфыссы, уыдон æхсызгонæй бакæсæн вæййы газет "Северная Осетия"-йы, наукон журналты æмæ æмбырдгæнты.

Ольгæйы иннæ ахуырдзау, **Фæрниаты Нинæ** йæ рæстæджы æнтыстджынæй каст фæци Петр Чайковскийы номыл паддзахадон консерваторийы композиторты хайад. Фыссы аив музыкалон уацмыстæ.

Дзанайты Ольгæ, куыд дæсны, фæлтæрдджын музыкант, афтæ иудадзыгдæр фæархайы алыхуызон вокалон конкурсты. Арæх дæр дзы вæййы жюрийы сæрдар æмæ ам дæр йæ бирæвæрсыг зонындзинæдтæй æрхæссы стыр хорздзинад конкурстæ сараздзытæ æмæ архайджытæн. Уыцы хуызы йæ курдиаты цæхæр ахады, номдзыд дирижер, Дунейы артист Гергиты Валери йæ аивадон разамонæг æмæ бындурæвæрæг кæмæн басгуыхт, уыцы æппæтдунеон Куадзæны фестивалыл. Ольгæ дзы бирæ хæттыты архайдта Цæгат Ирыстоны паддзахадон филармонийы зарæггæнджыты къордимæ.

Мæ уацы кæрон æрхæсдзынæн зындгонд зарæггæнæг, Цæгат Ирыстоны адæмон æмæ УФ-йы сгуыхт артист **Суанты Федыры** хъуыдытæ. Загъта мын сæ, сæрмагондæй дзы 2006 азы газет "Рæстдзинад"-æн цы интервью райстон, уым: "Цалынмæ Ирыстоны зæххыл Дзанайты Ольгæйы хуызæн фарнтауæг сылгоймæгтæ уа, уæдмæ сæфт нæ уыдзæн нæ фыдæлты намыс, нæ кæстæрты æгъдау, нæ уæзæджы кад".

ГАСАНТЫ Валери

Æцæг хабар

Сидтонты цардæй иу ныв

Æфсæддон хайад Дзæуджыхъæуы кæрон, Октябрыхъæумæ фæндагыл советон дуджы æрцыд хабар. Ротæйы командир, капитан, слæууын кодта, дыууæ мæйы æмгъуыдæй-иу ахуырмæ цы салдæттæм фæдзырдтой, ахæмты, æмæ сын уайдзæфтæ кæны:

— Кæд цыбыр рæстæгмæ æфсадмæ 'рбацыдыстут, уæддæр æз ам нуазын, ард уын хæрын, никæй бауадздзынæн! Мæнæ абон дыууæ "четвертыл" фæхæст дæн, æмæ афтæ куыд нæ æнхъæлат, мæхицæн сæ бамбæхстон, зæгъгæ, афтæ сæ уæ цуры калын!

Салдатмæ фæдзырдта, уый арахъхъ рахаста æмæ сыгъдæг ран иу дзыхъгонды ауагъта дыууæ авджы дæр.

— Теперь все увидели и поняли?!

Иу ныхъхъæр кодта: "Так точно!". Иннæтæ джихæй кæсынц, чи ныхъхъæр кодта, уый салдæтты 'хсæнæй рагæпп кодта, арахъхъ кæм конд уыд, уым дæлгоммæ ахуыссыд æмæ уыцы дзыхъæй — нуазгæ.

Иууылдæр джихæй кæсынц, нызт фæци, фæгæпп кодта æмæ бынаты алæууыд. Капитан фыр дисæй, куы худгæ, куы — джихтæ кæнгæйæ салдаты фæрсы:

— Ты что! Не понял?!

— Это другие не поняли, товарищ. Добру не дадим пропасть! От лица командира части вам взыскание, товарищ капитан! С Вас взыскать сумму причиненного ущерба и объявить выговор!

Афтæ-иу хынджылæггæнгæ сæ рæстæг æрвыстой, рæстæгмæ-иу кæй æрбакодтой, "партизантæ" дæр сæ-иу хуыдтой, уыцы сидтонтæ.

ТЕТАТЫ Эльврик

Зондтауджыты хъуыдытæ

Царды зындзинад бæрæг у уымæй, æмæ кары æгæр тагъд бацæуæм, царды фæлтæрддзинад та фæстиат бавæйыйы.

Бенджамин Франклин

***

Æхца фесаф, æмæ хæстытæ дæр нал уыдзæн.

Марк Фабий Квинтилиан

***

Адæймаг иннæ адæймагыл исты аххосы æфсон ныххуырсы, цæмæй йæ хъуыды кæнын макæй тыххæй æмæ мацæуыл хъæуа.

Сомерсет Моэм

***

Адæм фыдæхдзинад фесафыны æфсонæй, бирæ фылдæр фыдракæндтæ саразынц.

Георг Кристоф Лихтенберг

***

Паддзахады сæфт æрцæуы уæд, æмæ дзы зонджынты æдылытæй куы нæ уал фæхицæн кæнынц.

Антисфен

***

Адæм кæрæдзийы нæ бамбарынц, цалынмæ сын иумæйаг знаг нæ фæзыны, уæдмæ.

Исократ

***

Цæрыс, цалынмæ иннæтæн цæрыны фадат дæттыс, уæдмæ.

Махатма Ганди

***

Цæсгомæй цæссыгтæ сæрфыны бæсты дæ царды ферох кæн, кæуын дæ чи кодта, уыцы адæймаджы.

Джек Лондон

***

Цардæй разы ис уæвæн, æрмæстдæр ын дæхи æппæтæй снывонд кæнгæйæ.

Отто фон Бисмарк

Мæздæджы районæй

Нарты фæткъуыйы иу хай

Цæгат Ирыстоны Нарты кадджыты азы кæронбæттæн кадджын уавæры сбæрæг кодтой Мæздæджы районы дæр. Культурæйы галуаны бацæуæны районы скъолаты ахуырдзаутæ равæрдтой Нарты кадджыты сюжеттæм гæсгæ, сæхи конд ныв тæ. Уыдон уыдысты, афæдзы дæргъы скъоладзаутæй алыхуызон конкурсты йæхи сæрæндæрæй чи равдыста, уыдоны арæхстдзинад æвдисæг.

Мæздæггæгтæм кадджын бæрæгбоны фæдыл арфæ кæнынмæ æрцыдысты уазджытæ Дзæуджыхъæу æмæ Хуссар Ирыстонæй. Афæдзы дæргъы Нарты кадджытæ, ирон æвзаг, нæ адæмы истори, таурæгътæ æмæ кадджытæ ахуыргæнгæйæ алыхуызон конкурсты уæлахиздзаутæ чи ссис, уыдоны сæ ахуыргæнджытæ æмæ разамонджытимæ алыхуызон кады гæххæттытæ æмæ зынаргъ лæвæрттæ, æхцайы премитæ радтынмæ æрбахуыдтой кæронбæттæны гала-концертмæ.

Уæлахиздзаутæн арфæ кæнынмæ æрбацыд районы сæргъláæуæг **Гутнаты Геннади.**

— 2023 аз республикæйы Сæргъláæуæг **Сергей Меняйлойы** амындмæ гæсгæ нымад æрцыд Нарты кадджыты азыл. Республикæйы культурон æхсæнадæн уый ссис ахсджиаг, зæрдæмæхъаргæ бæрæгбон. Афæдзы дæргъы нæ районы арæзт цыдысты конференцитæ, Къостайы уацмыстæ аив кæсыны, Нарты кадджытимæ зонгæ кæныны алыхуызон конкурстæ.

Мæнæн тынг æхсызгон у, нæ адæмы рагон истори хъæздыг, диссаджы адæмон сфæлдыстады хæзнатæ кæй хъахъхъæнæм æмæ сæ дарддæр нæ кæстæр фæлтæрмæ кæй дæттæм, уый. Уæлдай æхсызгондæр та у, афæдзы кæронбæттæны концертмæ Культурæйы галуаны æрбацæуæны скъоладзаутæ Нарты кадджыты сюжеттæм гæсгæ диссаджы равдыст кæй сарæзтой, уый, — загъта, уæлахиздзаутæн арфæ кæнгæйæ, районы сæргъláæуæг.

Районы стыр бæрæгбоны архайджытæн, ахуыргæнджытæ æмæ Культурæйы артдзæсты разамонджытæн зæрдæбын арфæтæ ракодта республикæйы культурæйы министры хæдивæг **Хъуыссæты Зæлинæ.**

Мæздæджы районы "Ныхасы" хайад, йæ сæрдар **Гуццаты Фридон**, иудадзыгдæр архайы æппæт æхсæнадон мадзæлтты. Сæ аразынæн кæны финансон æххуыс дæр. Æмæ та ацы хатт дæр йе 'ххуысы хай бакодта зæрдиагæй. Уæлдай стырдæр æргом здахы фæсивæдимæ, рæзгæ фæлтæримæ кусынмæ.

— Афæдзæй-афæдзмæ дисы æфтауы рæзгæ фæсивæды арæхстдзинад, сæ зæрдиаг архайд куыд рæзы нæ рагон истори, нæ фыдæлты рæсугъд æгъдæуттæ базонынмæ. Æмæ уым, кæй зæгъын æй хъæуы, æнæмæнг, ис сæ ахуыргæнджытæ, сæ разамонджытæ, Культурæйы артдзæсты иузæрдиаон фæллой. Се 'ппæтæн дæр зæгъын стыр бузныг, — театралон сценæты уæлахиздзаутæн æхцайы премитимæ зæрдылдарæн лæвæрттæ дæтгæйæ, — загъта Фридон.

Культурæйы галуаны директор Кæсæг-Балхъары сгуыхт артист **Вячеслав Хабитов** æмæ республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг **Гаглойты Индирæ**, концерт амонгæйæ, иу-иннæйы фæдыл ныхасы бар лæвæрдтой адæмæн æхсызгон хæссæг аив кæсджыты, зарæггæнджыты, кафджыты уæлахиздзаутæн. Кæронбæттæны, концертмæ цы бирæ адæм æрбамбырд, уыдон стыр æхсызгонæй сæмбæлдысты, Вячеслав Хабитов ирон æвзагыл цы зæрдæмæхъаргæ зарджытæ акодта, уыдоныл. Стыр æхсызгондзинад сын æрхастой республикæйы зындгонд зарæггæнджытæ **Хадыхъаты Аллæ** æмæ **Хъуысаты Элькирæ**.

Бæрæгбоны архайджыты зæрдæтæм арф бахъардтой æмæ дæргъвæтин къухæмдзæгъдæй равдыстой се 'нкъарæнтæ, Хуссар Ирыстоны уазджыты разамонæг тележурналист **Бестауты Юлияимæ** чи æрбацыд, уыцы зарæггæнæг **Дзудцаты Тимур** æмæ аив кæсæг **Уаниты Валериямæ**.

Мæздæггæгты бæрæгбоны уазæгуаты уыдысты ацы рæнхъыты автор, стæй киноактер æмæ режиссер, журналист **Баскаты Уырызмæг** æмæ Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт нывгæнæг **Дзукъаты Николай**. Уыдон кæронбæттæны зæрдиаг арфæ ракодтой Нарты кадджыты бæрæгбон сараздзытæн, уæлдай арфæйы ныхæстæ загътой Гуццаты Фридонæн фæсивæд æмæ рæзгæ фæлтæрæн йæ зæрдиаг архайд æмæ финансон æххуысы тыххæй.

Зард æмæ кафтæй, уæнгрог æмæ зæрдæрухсæй ахицæн Мæздæджы районы Нарты кадджыты кæронбæттæн бæрæгбон.

КАСАТЫ Батрадз

Лыггæнинаг фарстатæ

Хъуыддаджы ныхас æмзæххонтимæ

"Иры Стыр Ныхас"-ы сæрдар УАТАТЫ Зелим архайдта конференц-бастдзинады руаджы Уæрæсейы æмæ фæсарæнты ирон диаспорæтæ æмæ æхсæнæдты минæвæрттимæ.

Мадзал у æрвылазон æмæ йæ сарæзта РЦИ-Аланийы Национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министрад. Байгом æй кодта министр **Бæгъиаты Алан**. Йæ раныхасы конференцийы архайджыты базонгæ кодта "ИСН"-ы ног разамонæг Уататы Зелимимæ æмæ йын ныхасы бар радта. Уататы Зелим раарфæ кодта се 'ппæтæн дæр:

— Мæнæ Ног азы бæрæгбон æрбацæуы, уый у бинонты бæрæгбон, мах та стæм иу бинонты хуызæн, æмæ уе 'ппæт дæр цæмæ æнхъæлмæ кæсут, уыдон уыл дзæбæхæй куыд æрцæуой, Хуыцау ахæм арфæ ракæнæд! Кæрæдзимæ дзургæйæ, уарзон ныхас кæнгæйæ куыд кусæм, уый мæ фæнды!

Уый фæстæ бæлвырддæрæй радзырдта, цавæр хæстæ læууы йæ размæ, цавæр лыггæнинаг фарстатыл цæуы куыст ныридæгæн.

— Бирæ хабæрттыл нæ бакусын хъæуы, райдайæм ирон æвзагæй. Сфидар кæнын æй хъæуы æмбæлгæ хуызы. Мадæлон æвзагыл чи дзуры, уымæн йæ фæндæгтæ хъуамæ уой уæрæхдæр уæлдæр ахуырадмæ цæугæйæ æмæ куысты ныллæугæйæ. Мæ хъуыды ирон æвзаджы тыххæй у ахæм — фæнды мæ, цæмæй рахæссой закъон, иронау хорз чи дзуры æмæ фыссы, уымæн ахуырмæ цæугæйæ æфтауой уæлæмхасæн æртæ баллы".

"ИСН"-ы куысты тыххæй ныхас бацахста фембæлды фылæр хай.

Диаспорæты минæвæрттæ раарфæ кодтой Уататы-Зелимæн, Æппæтдунеон змæлды сæргъы кæй æрлæууыд, уый тыххæй, загътой сæ хъуыдытæ æмæ фæндтæ. Хорзыл банымадтой, ирон æвзаджы фарстамæ ахæм æргом здæхт кæй цæуы, уый.

Дзампаты Алан Краснодарæй ракуырдта, цæмæй "ИСН" бацæттæ кæна, ирон æгъдæуттæ куыд æххæст кæнын хъæуы, уый тыххæй информацион брошюрæ:

— Фæнды нæ, не 'гъдау, нæ кадыл иумæйагæй куыд архайæм. Мæ зæрдæмæ нæ цæуы, ирон æгъдау алчидæр йæхи хуызæн кæй аразы, уый. Суанг ма хистæртæй дæр алчи хорз нæ зоны æгъдæуттæ.

— Разы дæн Зелимы хъуыдытимæ. Йæ сывæллæттæм цы хæдзары иронау нæ дзурынц, уыцы хæдзар сæфты фæндагыл læууы, — загъта **Мæргъиты Анатоли**, Сочийы ирон национ-культурон æхсæнадон организаци "Алани"-йы сæрдар. — Бузныг дæн Зелимæй, æвзаджы фарста бæрзонд кæй исы. Хъуамæ кæрæдзийы æмбарæм, иумæ аразæм нæ культурон цаутæ, цæмæй нæ иудзинадræза. Алкæддæр Зелимы фарсмæ æрбалæудзынæн.

Конференцийы рæстæг æвдыст æрцыдысты дыууæ кинонывы Краснодары крайы æмæ Волгограды облæсты ирæтты æхсæнæдты тыххæй. Куыд архайынц ирæтты 'хсæн фидар бастдзинæдтæ цæмæй уа, цавæр фарстатыл кусынц, ирон æгъдæуттæ куыд хъахъхъæнынц, уыцы æмæ иннæ ахсджиаг фарстатыл цыд ныхас кинонывты.

МАМИАТЫ Лолитæ

Спортивон фидиуæг



Хоккей

Нæ лæппутæ – фыццаг бынаты

Дзæуджыхъæуы Ихын галуаны 8-15 декабры цыдысты Уæрæсейы Хуссар æмæ Цæгат Кавказы федералон зылдты Кубок рамбулыныл 2-аг этапы ерыстæ æвзонг (11 азы онг) хоккеисты 'хсæн.

Дзæуджыхъæуы 2-аг хатт ерыс кодтой авд командæйы: "Алайнаг фыранктæ", ХК "Атаман" (Новочеркасск), ХК "Авангард" (Стъарапол), ХК "Наследие" (Ессентуки), ХК "Наследие" (Стъарапол), ХК "Шагди" (Майкъоп), ХК "Ястребы" (Астрахан).

Ерысты фæткмæ гæсгæ, Цæгат Кавказы федералон зылды цы авд командæйы архайынц, уыдонæй 1-3-аг бынæттæ бацахсджытæ рацæудзысты 3-аг этапмæ. Уым ма сæм бафтдзысты Хуссар зылды æртæ хуыздæр командæйы æмæ се 'хсæн сбæрæг кæндзысты, Уæрæсейы хоккейы Федерацийы Кубок рамбулыныл ерыстæм чи ацæудзæн, уыцы хуыздæр командæйы.

Фыццаг этапы фæстæ "Алайнаг фыранктæ" цыдысты 2-аг бынаты, 1-аг бынат та ахста ХК "Атаман".

Дыккаг этапы ерыстæ рауадысты тынг зæрдæмæдзæугæ. Æвзонг хоккеисттæ дисы æфтыдтой сæ цырд æмæ сæрæн архайдæй.

Дзæуджыхъæуы ХК "Алайнаг фыранктæ" сæ фыццаг фембæлды фæуæлахиз сты ХК "Шагди"-йыл 7:1 хыгъдæй. Сæ дыккаг ныхмæлæууæг уыд Стъараполы "Наследие", æмæ ацы хъазты дæр "фыранктæ" уыдысты зынгæ тыхджындæр. Хъазт ахицæн сæ пайдайæн 14:2 хыгъдæй.

Алайнæгтæн сæ æртыккаг фембæлд уыд Ессентукийы командæ "Наследие"-имæ. Ацы фембæлды дæр дзæуджыхъæуккаг командæ фæуæлахиз 7:3 хыгъдæй.

"Фыранктæ" æнæнхъæлæджы фæкъуылымпы сты Стъараполы, иннæ командæ "Авангард"-имæ хъазгæйæ. Алайнæгтæ, æвæццæгæн, æнхъæл нæ уыдысты, стъарапойлæгтæ сын ахæм ныхкъуырд кæй раддзысты, æмæ сæ фембæлд ахицæн 3:3 хыгъдæй.

Ерысты фæткмæ гæсгæ фæуæлахизуæвæг командæ бæрæггонд цыди хоккейы пеналти "буллитты"-йы фæрцы. Ацы ран "Авангард"-æн бантыст иу гол фылдæр бакъуырын æмæ стъарапойлæгтæ рамбылдтой фембæлды.

Ацы фембæлды фæстæ "Алайнаг фыранктæ" ныхмæлæууæг уыди, ерысты фыццаг æмæ дыккаг этапты иу хатт дæр чи нæма фæхæрд, æппæты фылдæр голтæ чи бакодта æмæ 1-аг бынаты чи цыди, уыцы командæ "Атаман". Фембæлд рауад æппæты цымыдисагдæр. Командæтæ равдыстой стыр тырнынад уæлахизмæ. Ныббырстытæ цыдысты иу иннæйы фæстæ, æмæ зын зæгъæн уыд, шайбæ раздæр кæцы дуары фæмидæг уыдзæн, уый.

Хъазты 7-æм минутыл уый бантыст алайнæгтæн. Сæ цырд ныббырсты хорз фæцараехст **Калоты Артур,** æмæ "Алайнаг фыранктæ" 1:0-æй рацыдысты размæ.

Хъазты дыккаг хайы райдайæн "Атаман"-ы хъазджытæн фæд-фæдыл бантыст дыууæ шайбæйы бакъуырын алайнæгты дуары, æмæ хыгъд ссис 1:2 "Атаман"-ы пайдайæн.

Ахæм хыгъд фæлæууыд авд минуты. Уый фæстæ алайнæгты размæцыд æрхаста æртæ голы. 29-æм минутыл **Евгений Баяркин**, 32-æм æмæ 38-æм минуттыл та, **Ацæмæз Гридин** цы 'ртæ шайбæйы бакъуырдтой уазджыты дуары, уыдон хыгъд скодтой 4:2 "Алайнаг фыранктæ" пайдайæн.

3-аг хайы дæр алайнæгтæ уæлахиз сæ къухæй нал ауагътой. Ацæмæз Гридин 55-æм минутыл, Калоты Артур та 60 минутыл дыууæ голæй дзуапп радтой "Атаман"-ы иу бакъуырд шайбæйæн, æмæ хъазт ахицæн 6:3 хыгъдæй "Алайнаг фыранктæ" пайдайæн.

Дыккаг этапы сын цы фæйнæ фембæлды баззад, уыдоны алайнæгтæ 12:1 хыгъдæй фæуæлахиз сты "Ястреб"-тыл, "Атаман" та рамбылдта "Авангард"-æй. Афтæмæй дыккаг этапы 1-аг бынат бацахстой "Алайнаг фыранктæ", 2-аг ссис "Атаман", æртыккаг бынатмæ та рацыд "Наследие" (Ессентуки).

Дыууæ этапы, æмткæй райсгæйæ, 1-аг бынат бацахста "Атаман", 2-аг "Алайнаг фыранктæ", 3-аг та ссис "Наследие" (Ессентуки).

Ацы æртæ командæйы ныр Цæгат Кавказы федералон зылды номæй хъаздзысты Хуссар зылды ерысты 1-3-аг бынæттæ бацахсæг командæтæ: ХК "Сочи-1", ХК "Сочи-2" æмæ "Торнадо"-имæ.

Дзæуджыхъæуы зымæгон спорты хуызты спортивон скъолайы хистæр тренер **Арсæгты Марат** зæгъы: "Нæ лæппутæ дыууæ этапы, æмткæй райсгæйæ, 2-аг кæй систы, уый хорз æнтыст у. Ныр 3-аг этапы дæр бацархайын хъæуы, цæмæй Уæрæсейы Хоккейы федерацийы Кубок рамбулыныл ерыстæм бахауой".

БАСКАТЫ Уырызмæг

Аудынад

Армукъа сарæзтой

Фонд "Быть добру"-йы бархион ХЪОЗИТЫ Маринæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй Дзæуджыхъæуы сарæзтой хæрзаудæн армукъа "Хæлардзинады чыргъæд".

Арæзт æрцыд "Ирыстоны æрмдæсныты сфæлдыстадон иугонд"-ы фæндонæй. Армукъамæ æрбацæуæг адæм дзы балхæдтой рæсугъдгæнæнтæ, назбæласы хъазæнтæ, хæдзары хъæугæ дзаумæттæ æмæ æндæртæ. Армукъайы æвæрд дзаумæттæ уыдысты къухæй конд.

— Æппæт æрмдæснытæн дæр стыр бузныг зæгъæм. Фонд "Быть добру" кæуыл ауды, армукъайæ райст æхцатæ уыцы адæммæ барвитдзыстæм. Царды зын уавæры бахауæг адæмæн баххуыс кæныны фадат кæй фæрцы вæйиы, ахæм дзыллон мадзæлтты алы хатт дæр æхсызгонæй архайæм, — загъта Хъозиты Маринæ.

Æрæджы дæс азы кæуыл сæххæст, уыцы фонд "Быть добру" амынд рæстæгмæ сарæзта мин хæрзаудæн акцийы. Фонд кусын цы бон райдыдта, уыцы бонæй фæстæмæ баххуыс кодта царды зын уавæры бахауæг 6 мин адæймагæй фылдæрæн.

Нæ уацхæссæг

Арфæ Хапсæты-Хъайтмазты Баболайы чызг Зинæйæн йæ 90 азы бонмæ

Нæ зынаргъ, нæ уарзон, нæ сыгъзæрин мад! Дæхæдæг æй зоныс, ацы зæхты цъарыл дæ махæй фылдæр ничи уарзы, махæй тынгдæр дæ хорздзинадмæ ничи бæллы, абон дын махæй зæрдиагдæрæй ничи кувы Не Скæнæг Стыр Хуыцаумæ, цæмæй ды нæ фæрнæйдзаг хæдзары Бынаты хицауы фарсмæ дæ сæдæ азы сæрты ахизай!

Ды мах кæддæриддæр ахуыр кодтай царды раст фæндагыл цæуыныл, адæмы уарзыныл, алы хъуыддаджы дæр бæрнон уæвыныл, æмæ дæхи зæрдæ — де 'вдисæн: мах дæ зæрдæхудты никуы бацыдыстæм, мах дæ ницæмæй фæкъæмдзæстыг кодтам. Уыцы фарныл ныр та мах ахуыр кæнæм, бирæ кæй уарзыс, уыцы кæстæрты дæр.

Бузныг, нæ дзæбæх мад, ды нын кæй дæ, цард нын кæй радтай, нæ гыццыл Ирыстоны нын кæй цардтæ æмæ цæрыс кадджынæй, ирондзинад нæ алкæй туджы дæр кæй ис, уый тыххæй. Дæуæй хуыздæр, дæуæй рæсугъддæр мад ацы дун-дунейы никæмæн ис, æрмæст махæн! Разæй ма дæм цы аз-тæ кæсы цæрынмæ, уыдоны дæр-иу дæ, фыццагау, цардхуыз æмæ хъæлдзæгæй куыд уынæм, уыцы амонд дæу дæр æмæ мах дæр уæд!

Зынаргъ "Рæстдзинад"-ы кусджытæ! Басæттæм уын: чидæр нын афтæ зæгъы, уырыссагау, дам, ныффыссут уæ арфæтæ, æмæ уын сæ фылдæр адæм бакæсдзысты. Фæлæ мах зонæм иу хъуыддаг. Бирæ азты дæргъы нæ мад куыста бæрнон бынаты — Садоны шахтерты профцæдисты комитеты сæрдарæй æмæ уыди уæ газеты активон æхсæнадон уацхæсджытæй иу. Цалдæр азы размæ сбадт æмæ джиппы рауагъта йæ цардвæнæдаг æмæ йæ мыггаджы равзæрды тыххæй чиныг "Мæ амонды дыууæ хæдзары", зæгъгæ, æмæ уымæн йе 'ртыккаг хай у арæзт, уæды азты йын "Рæстдзинад"-ы цы уацтæ рацыд, уыдонæй, æмæ уыл ацы царды дæр йæ зæрдæ не сивта æмæ, "Рæстдзинад"-ы нæ арфæ куы бакæса, уæд ын уый уыдзæн уæлдай адджындæр, удыбæстæ йын скæндзæн. Нæ мады фæндиаг ут!

Дæ бирæ кæстæртæ, сæ цот æмæ уыдоны хъæбултæ

Номарæн

Фæрниаты Бесæгъуыры чызг Бæдинæ (Мæдинæ)

Цард мæнгард у, адæймаг та дзы авгæй уæлдай нæу... Æрцыд æвирхъау зиан газет "Рæстдзинад"-ыл. Не 'хсæнæй фæхъуыд хæрзæгъдау, уæздан, алцæмæй фæзминаг æмæ рæсугъд сылгоймаг, фæлтæрдджын кусæг, хистæр корректор Фæрниаты Мæдинæ.

Мæдинæ райгуырд 1947 азы 11 январы Цæгат Ирыстоны, Æрыдоны районы, Фыйыйагдоны. Астæуккаг скъолайы фæстæ бацыд Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл университеты филологон факультетмæ æмæ йæ æнтыстджынæй каст фæцис 1970 азы.

Куыста уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй Дзуарыхъæуы, стæй та — Октябрыхъæуы астæуккаг скъолаты.

1976 азы кусын райдыдта газет "Рæстдзинад"-ы хистæр корректорæй. Мыхуыры фæрæзты йе 'нæхин, хъæппæрисджын фæллойы тыххæй йын 1993 азы 15 февралы Цæгат Ирыстоны Президиумы Сæйраг Советы указмæ гæсгæ læвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæджы ном.

Фæрниаты Мæдинæ уыд нæ редакцийы коллективы хистæр фæлтæры минæвар. Йæ арф æмæ профессион зонындзинæдты руаджы дзы иу дамгъæ, къæдзыг кæнæ хъуыдыйад æнæ бæлвырд бæрæггондæй нæ ирвæзт. Цыфæнды æрмæг куы кастаид, уæддæр-иу дзурын зыдта газеты уацхæсджытимæ, хайæдты сæргъæуджытимæ, техникон кусджытимæ. Йæ кусæн стъолыл алкæддæр бæрæг ран æвæрд уыдысты алыхуызон дзырдуæттæ, грамматикон бæрæгуæттæ. Газеты æнаипныл архайдта зæрдиаг æмæ бæстонæй. Никуы дзы ничи фехъуыста тызмæг ныхас, нæ алкæмæ дæр каст уарзон цæстæй. Фæндыд æй канд "Рæстдзинад"-ы фарныл зæрдиагæй кусын нæ, фæлæ ма нæ алкæмæ дæр дардта хорз зæрдæ йæ ныхасæй, суанг бæлвырд хъуыддæгтæй дæр.

Къорд азы уыд фæсивæдон газет "Æрыгон коммунист"-ы (ныры "Ныхас"-ы) корректор.

Зын у нæ зынаргъ, буц хистæр, уарзон æмæ дæсны æмкусæг Фæрниаты Мæдинæйы тыххæй ивгъуыд афоны дзурын. Ахæм адæймæгтæй фæзæгъынц, Хуыцауы арфæ æмæ ирон сылгоймаджы фæзминагдæр миниуджытæй хайджын уыд, зæгъгæ. Кæд афтæ у, уæд йæ уды хорзæхтæ æмæ рухс номæн уыдзæн цæрæнбон редакцийы кусджытæ æмæ бирæ иузæрдион газеткæсджыты зæрдæты.

Рухс дзæнæт дæ хай, Мæдинæ. Дæ фæзминаг кæстæртæ Тимур æмæ Дзерассæйыл, уыдоны цотыл хæрзаудæн кæн...

Газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы кусджытæ

Мысæн изæр

Ирон кинойæн лæггад кодтой

Дзæуджыхъæуы Кинойы хæдзары арæзт æрцыд режиссертæ æмæ оператортæ ГУЛУТЫ Вячеслав æмæ ЦОРИТЫ Султаны мысæн изæр. Уый тыххæй фехъусын кодта телерадиокомпани "Алани".

Гулуты Вячеслав æмæ Цориты Султан иумæ ахуыр кодтой Мæскуыйы ВГИК-ы. Ирыстонмæ æрбаздæхгæйæ, кусын райдыдтой ирон кинойы рæзтыл. Æмгуыст кодтой Цæгат Кавказы иннæ регионты се 'мхуызон кусджытимæ. "Жить и побеждать", "Дагестанские узоры", "Натиск", "Я всегда хотел летать", "Ваятель", — сæ нæмттæ баст сты ацы æмæ æндæр киноывтимæ. Уыдысты курдиатджын æмæ сæ куыстыл æнувыд. Уыдон цæрдзысты сæ хорз хъуыддæгты — сæ кинонывты. Мысæн изæр уыд Цæгат Кавказы регионы документалон кинонывты режиссертæ æмæ æрыгон кинематографистты сфæлдыстадон семинары кæронбæттæн мадзал.

("15-æм регион")

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Защита плодового сада от зимующих вредителей. Санитарная обработка на зиму плодовых деревьев и других культурных насаждений (опрыскивание). Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 Руслан.

Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. Тел.: 8-989-037-18-04.

Ремонт стиральных машин и холодильников. Тел.: 8-988-835-55-50 (Азамат); 8-963-377-80-00 (Борис).

Газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы коллектив хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны бинонтæ, хæстæджытæ æмæ хиуæттæн, хистæр корректор, РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг

ГÆЛÆБАТЫ-ФÆРНИАТЫ Бесæгъуыры чызг Бæдинæ (Мæдинæ)

цæрынхъуагæй кæй амард, уый тыххæй.

Зиан рахæсдзысты 21 декабры, Доваторы проспекты 7-æм хæдзары 2-аг корпусæй.

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Мидбылты худгæйæ

Йæ уды хъизæмæрттæ фæдзæгъæл сты...

Æвæдза, цæй рæсугъд у нæ царды рагуалдзæг! Фыццаг уарзондзинад, риуы хъæлбурц кæнынц уæлмонц хъуыдытæ, æнкъарæнтæ æмæ бæллицтæ. Разæй — æнæхъæн цард!..

Уыцы рæстæг нæ чи нæ фæлвæрдта йæ сис, чи нæ нæ фыста æмдзæвгæтæ фыццаг уарзондзинадыл?! Афтæ рауад Уæллагкомы, Гæлиаты хъæуккаг, Зæгæлты Мироны хъуыддаг дæр. Саджы фисынтыл амад, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, ахæм уаса-нæ уаса лæппу, мæ рухсаггаг фыдымады загъдау, йæ бецыкк-иу чызджыты цæстмæ зулмæ чи афаста, ахæм. Куыд нæ 'хсайдтаид йæ зæрдæ астæунарæг гуырвидауц сылыстджытæм? Гъемæ бавдæлд æмæ йæ сусæг монцтæ гæххæттæн куы баууæндид. Къорд æмдзæвгæйы куы ныффыста, уды хъизæмæрттæ 'взаргæйæ, уæд æй, куыд алы авторы, афтæ бафæндыд йе "сфæлдыстадон бынтæ" искæмæ бавдисын. Критикæн равзæрста йе 'мхъæуккаг Гасынты Хадæхцы. Хадæхц зонгджын лæг уыд, æргомдзырд, дзырдаргъæвд, царды бирæ фенæг, æмæ йын уымæй хуыздæр чи саргъ кодтаид йæ поэзийæн?

Иу боны сæр Зæгæлы-фырт баныфс кодта æмæ Хадæхцмæ фæцыд. Хъуыддаг ын бамбарын кодта, афтæ æмæ, дам, афтæ, ме 'мдзæвгæтæм ма байхъус æмæ сын аргъ скæн.

Хадæхцæн гæнæн нал уыд, æмæ лæппуйы сæнттæм дзæвгар фæхъуыста. Æппынфæстаг Мирон йæ кæройнаг рæнхъы фæстæ стъæлф сæвæрдта æмæ фæрсæджы каст бакодта "критикмæ".

Хадæхц, куыд æргомдзырд, æнæ хыртт-мыртт лæг, лæппуйы "зæрдæ балхæдта":

— Ныр ма сымах цы рафысс-бафысс кæнут? Цæуыл тухитæ кæнут, уыдæттæ Къоста раджы куы ныффыста, уæд?!

ГАПБАТЫ Алетæ

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.

✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ ныв тæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.

✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонył бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.

✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыхтæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:

362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы.

Газет цæуы къуыри фондз хатты.

Индекс 53901. Тираж 3128.

Заказ № 1464.

Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.

Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru